

BAB III METODEU PANALUNGTIKAN

3.1 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan mangrupa prosés anu dirancang pikeun ngajawab atawa ngajéntrékeun masalah-masalah panalungtikan. Desain panalungtikan aya tilu rupa, nyaéta (1) *one shot case study*, (2) *pretest and pos test*, jeung (3) *static group comparison* (Arikunto, 2010, kc. 123)

Desain anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta desain *pretest* jeung *postést*. Dimana dina ieu desain dilakukeun dua kali observasi nyaéta saméméh jeung sabada ékspérimén anu ditujukeun kahiji kelompok, euweuh kelompok pangbanding séjénna.

Observasi saméméh ékspérimén mangrupa *pretest* (O_1) ari observasi sabada ékspérimén mangrupa *postést* (O_2).

Tabel 3.1
Desain Panalungtikan

<i>Pretest</i>	Perlakuan	<i>Posttest</i>
O_1	X	O_2

(Arikunto, 2010, kc. 124)

Katerangan:

O_1 = *Pretest* (hasil observasi saméméh perlakuan)

X = Perlakuan, ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*

O_2 = *Posttest* (hasil observasi sabada perlakuan)

3.2 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta data hasil tés saméméh jeung sabada dilarapkeunna modél pangajaran *Group Investigation* dina matéri pangajaran nulis ringkesan warta siswa kelas VIII D SMP Negeri 5 Bandung Taun Ajaran 2014/2015.

Datana nyaéta hasil karangan nulis ringkesan warta siswa kelas VIII-D SMP Negeri 5 Bandung Taun Ajaran 2014/2015.

3.3 Instrumén Panalungtikan

Instrumén anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tés tinulis. Tés di dieu nyaéta mangrupa tés nulis ringkesan warta. Sakabéh kagiatan panalungtikan hususna dina tés tinulis geus ditangtukeun saméméhna ngagunakeun léngkah-léngkah modél *Group Investigation* jeung sanggeus ngalarapkeun léngkah-léngkah modél *Group Investigation*.

Dumasar kana téknis ngalaksanakeunna, ieu panalungtikan ngagunakeun observasi langsung, nyaéta observasi anu dilakukeun sacara langsung kana objek nu ditalungtik. Siswa dibéré téks warta nu aya dina majalah. Dina ieu tés aya dua léngkah, léngkah kahiji nyaéta siswa dititah maca eusi téks warta nu geus disadiakeun saluyu jeung waktu nu geus ditangtukeun nyaéta 10 menit. Léngkah nu kadua nyaéta siswa dititah ngaringkes téks warta luyu jeung informasi nu geus ditarima tina léngkah kahiji nyaéta maca eusi téks.

Ieu di handap aya conto téks warta nu dibikeun ka siswa saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran group investigation.

Paguyuban Pasundan
Nempatkeun Diri jeung Wanoh Kana Ajén-inajén Tatar Sunda



Jerdinan pangurus cabang Paguyuban Pasundan Kota Cimahi, Kab. Bandung Barat jeung Kabupatén Bandung mangsa bukt 2014-2019, di Sastra 4 Aula Paguyuban Pasundan.

Ketua Umum PB Paguyuban Pasundan mestrabekem SK ka HEM, Budiana (katulu) Ketua Cabang Paguyuban Pasundan Kab. Bandung mangsa bukt 2014-2019.

Dina raraga ngigelan jeung katineungna nanjurkeun bebeneran. Ajén juangna estuning pikeun ngalametkeun sarta ngawartian Indonésia. Sawadina upama kiperdi politik ti eta dua tokoh putra Sunda téh ngahandang urang saréréa nu kiwari ngokolakeun Paguyuban Pasundan pikeun ngajaga ngarbas tur ngalilarna. Paguyuban Pasundan sangkan aya dina posisi sarwa nyaho jeung sarwa ngarti kana pasualan nu karandapan di Jawa Barat. Paguyuban Pasundan kudu bisa nempatkeun diri jeung wanoh kana ajén-inajén Tatar Sunda. Paguyuban Pasundan kudu nempatkeun diri jadi lembaga nu mibanda pangaruh. Nu tangtuna ngabogian komara pikeun pangagung nu aya di Tatar Sunda. "Paguyuban Pasundan masing jadi lembaga nu méré kagitirisi ngunaan kasundaan. Tékad jeung léngkahna kudu katara ayana jeung karasa mangpaatna ka balara," kitu pokna Ketua Umum Paguyuban Pasundan Prof. Dr. HM. Didi Turmudi, M.Si basa mingpin acara istéran réngrengan pangurus cabang Paguyuban Pasundan Kota Cimahi, Kabupaten Bandung Barat jeung Kabupatén Bandung mangsa bukt 2014-2019, Jumaah (26 Desember 2014) di Lantai 4, Aula Paguyuban Pasundan, Jalan Sumatera 41 Bandung. Para Ketua Cabang nu dilistran diantarana, Aan Hardiana, SE, MM (Ketua Cabang Paguyuban Pasundan Kota Cimahi), Drs. HM. Budji, SP, M.MPd., (Ketua Cabang Paguyuban Pasundan Kabupatén Bandung Barat) sarta HM. Budiana, SIP, M.Si., (Ketua Cabang Paguyuban Pasundan Kabupatén Bandung).

HM. Didi Turmudi miharep, sakumna pangurus boh anu di puseur boh cabang saéstuna masing wanoh jeung jati diri 'roh' na Paguyuban Pasundan. Nyaha ka urakan, rancangé rawé sarta rancangé bété. Kudu jadi tatarus, pon kitu deni ngabogian jiwa pidoneur geusan ngawang ka pageto, hyu sakumaha udagan.

"Hayu urang sareundeuk saigel babarengan ngabeuyuk dayeuh. Nu jauh urang deukeutkeun, urang layenteun sarta urang pabeutkeun, urang silih asah-usih asuh," pokna. ***

MODÉL PANGAJARAN GROUP INVESTIGATION PIKEUN NGARONJATKEUN KAMAMPUH NULIS RINGKESAN WARTA

Gambar 3.1
Téks Warta pikeun Soal Tés Awal (*pre-test*)



Gambar 3.2
Téks Warta pikeun Soal Tés Ahir (*pos-test*)

Tabél 3.2
Kisi-kisi Soal

Kompetensi anu diuji:

Menanggapi, meringkas, dan menyajikan téks warta sesuai dengan kaidah-kaidahnya
Indikator hasil diajar anu kudu dihontal: Siswa kudu mampu “menanggapi, meringkas dan menyajikan téks warta sesuai dengan kaidah- kaidahnya.
Jumlah soal : 1
Peunteun : 100 (jumlah tina skor tiap aspék nu dipeunteunna)
Soal : pék baca ieu téks warta, tur ringkes eusina.
Konci Jawaban

Aspék-aspék nu dipeunteun dina ieu panalungtikan ngagunakeun aspék-aspék nu diébréhkeun ku Rahman, yén aspék nu dipeunteun dina tulisan ngawengku:

1. Aspék eusi (*quality and scope of content*)
2. Aspék organisasi eusi (*organization & presentation of content*)
3. Aspék kosa kecap
4. Aspék adegan basa (*gramatical features*)
5. Aspék éjahan (*spelling conventions*)
6. Aspék karapihan (*handwriting & neatness*)

Skala skorna diébréhkeun dina ieu tabél di handap.

Tabél 3.3
Skala Skor Aspék nu Dipeunteun dina Nulis Ringkesan Warta

No	Aspék nu Dipeunteun	Skala Skor	Krireria	Skor Maksimal
1	Eusi Ringkesan Warta (luyu henteuna eusi warta jeung eusi hasil ringkesan warta + kalengkapan 5W+1H)	27 – 30 23 – 26 20 – 22 15 – 19 10 – 14	Hadé Pisan Hadé Sedeng Goréng Goréng Pisan	30
2	Organisasi eusi (nyambung henteuna tina hiji kalimah ka kalimah nu lianna, tina hiji paragraf ka paragraf nu lianna)	23 – 25 19 – 22 15 – 18 12 – 14 11 – 9	Hadé Pisan Hadé Sedeng Goréng Goréng Pisan	25
3	Kosa Kecap (diksi) (kecap nu digunakeun ngandung harti anu ngéntép sureuh atawa henteu)	18 – 20 15 – 17 11 – 14 8 – 10 5 – 7	Hadé Pisan Hadé Sedeng Goréng Goréng Pisan	20

4	Adegan basa (<i>konstruksi</i> kalimah anu luyu jeung kaédah katatabasaan)	13 – 15 10 – 12 7 – 9 4 – 6 1 – 3	Hadé Pisan Hadé Sedeng Goréng Goréng Pisan	15
5	Éjahan (aturan nulis dina tanda baca, ngagunakeun hurup vokal e, eu, jeung é)	5 4 3 2 1	Hadé Pisan Hadé Sedeng Goréng Goréng Pisan	5
6	Karapihan tulisan (kajelasan/kabaca atwa henteuna tulisan, bentuk hurup)	5 4 3 2 1	Hadé Pisan Hadé Sedeng Goréng Goréng Pisan	5
Jumlah Skor Total				100

3.4 Prosédur Panalungtikan

Nurutkeun Jonker & Pennink dina Suharsaputra (2012, kc. 54) prosedur atawa léngkah anu digunakeun dina ieu panalungtikan dimimitian ku nangtukeun jeung milih masalah. Masalah anu jadi kasang tukang dina ieu panalungtikan nyaéta siswa nyanghareupan bangbaluh dina nulis hususna nulis ringkesan warta. Masih kénéh loba siswa nu ngarasa can mampuh lantaran can ngawasa kandaga kecap-kecap basa Sunda nu diébréhkeun dina warta wangun lisan atawa tulisan, antukna siswa hésé nyangkem nepi ka ngalarapkeun dina wangun kalimah.

Sabada nangtukeun masalah, léngkah nu satuluyna nyaéta nangtukeun tujuan nu rék dihontal jeung *pertanyaan* panalungtikan. Dina ieu panlungtikan tujuan jeung ngajieun *pertanyaan* tina ieu panalungtikan nu dijabarkeun dina tujuan jeung rumusan masalah nu aya dina Bab I. Léngkah nu katilu nyaéta nyungsi tiori anu luyu jeung masalah panalungtikan, nu dijabarkeun dina Bab II. Léngkah nu ka opat nyaéta mekarkeun modél konseptual, léngkah nu ka lima nyaéta nangtukeun rarancang panalungtikan, nu ka genep nyaéta ngumpulkeun jeung ngolah data, léngkah nu ka tujuh nyaéta nafsirkeun dipungkas ku ngalaporkeun.

Salian ti dalapan léngkah nu geus ditétélakeun di luhur, ieu panalungtikan miboga hipotesis nya éta: Modél *Group Investigation* nembongkeun aya béda nu signifikan pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis warta siswa kelas VIII-D SMP Negeri 5 Bandung Taun Ajaran 2014/2015

3.5 Analisis Data

Analisis data dina ieu panalungtikan dibagi jadi dua léngkah, nyaéta téhnik ngumpulkeun data jeung téhnik nganalisis data.

3.5.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik tés. Tés ieu ngawengku *pretest* jeung *postést*. *Pretést* miboga tujuan pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis ringkesan warta saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*. Ari *postest* mah tujuanna pikeun ngukur kamampuh siswa dina nulis ringkesan warta sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*. Lian ti éta *postest* ogé miboga tujuan pikeun mikanyaho hasil antara saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*, naha aya béda anu signifikan atawa henteu.

3.5.2 Téhnik Nganalisis Data

Téhnik nganalisis data dilakukeun sabada data anu diperlukeun geus dikumpulkeun. Kagiatan nganalisis data ngawengku sababaraha kagiatan saperti ieu di handap.

1. Mariksa hasil karangan siswa tina saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*.
2. Méré peunteun nu dilaksanakeun ku 2 urang, nyaéta ku panalungtik jeung nu dianggap mampu meunteun kana hasil karangan siswa tina saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*.
3. Ngasupkeun data saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation* kana tabél ieu di handap

Tabél 3.4

Tabél Peunteun Saméméh jeung Sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*

No	Aspék					Σ	P	Kritéria
	A	B	C	D	E			
(1)	(2)	(3)	(4)	(5)	(6)	(7)	(8)	(9)
1								
2								
...								

Keterangan:

A = Pilihan kecap

B = Éjahan

C = Kalengkepan eusi (luyu henteuna eusi warta jeung eusi hasil ringkesan warta, 5W+1H)

D = Kaobjektifan eusi

E = Karapihan Tulisan

P = Peunteun (tina hasil jumlah skor nu dipeunteun)

4. Data tuluy dianalisis pikeun nguji hipotésis, carana saperti ieu di handap.

(1) Uji Normalitas Data

- (a) Nangtukeun peunteun siswa anu panggedéna jeung pangleutikna.
 (b) Ngitung rentang (r) ngagunakeun rumus di handap.

$$r = \text{peunteun panggedéna} - \text{peunteun pangleutikna}$$

- (c) Nangtukeun jumlah kelas (k).

$$k = 1 + 3,3 \log n$$

- (d) Nangtukeun panjang kelas (p).

$$p = \frac{r}{k}$$

(e) Nyieun tabél frékuénsi peunteun saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation* kalayan ngagunakeun tabél ieu di handap.

Tabél 3.5
Tabél Frékuénsi Peunteun Tés Awal jeung Tés Ahir

No	Kelas Interval	f_i	x_i	x_i^2	$f_i x_i$	$f_i x_i^2$
1						
2						
...						

(f) Ngitung *mean* (rata-rata) peunteun saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation* kalayan ngagunakeun rumus ieu di handap.

$$\bar{x} = \frac{\sum f_i x_i}{\sum f_i}$$

Keterangan :

\bar{x} = rata-rata (*mean*)

Σ = jumlah (*sigma*)

f_i = jumlah data

x_i = nilai tengah

(Sudjana, 2005, kc. 67)

(g) Ngitung *standar déviasi* (sd) kalayan ngagunakeun rumus ieu di handap.

$$sd = \sqrt{\frac{n \sum f_i x_i^2 - (\sum f_i x_i)^2}{n(n-1)}}$$

Keterangan :

Sd = *standar déviasi*

$\sum f_i x_i^2$ = jumlah frekuensi nilai

$(\sum f_i x_i)^2$ = jumlah frekuensi nilai x kuadrat

n = jumlah subjék panalungtikan

(Sudjana, 2005, kc. 94-95)

(h) Ngitung frékuensi observasi jeung frékuénsi ékspéktasi (perkiraan).

a) Nyieun tabél frékuénsi observasi jeung frékuénsi ékspéktasi.

Tabél 3.6
Tabél Frékuénsi Observasi jeung Ékspéktasi

Kelas Interval	Oi	BK		Z_{itung}		Z_{tabel}		L	Ei	$\frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$
		Handap	Luhur	Handap	Luhur	Handap	Luhur			

b) Nangtukeun O_i (frékuénsi observasi).

c) Nangtukeun batas kelas (bk).

d) Ngitung Z_{itung} (transformasi normal standar bébas kelas).

$$Z = \frac{(bk - \bar{x})}{sd}$$

e) Nangtukeun Z_{tabel}

f) Ngitung legana unggal kelas interval (L).

g) Ngitung frékuénsi ékspéktasi (E_i).

$$E_i = n \times L$$

h) Nangtukeun nilai X^2 (Chi Kuadrat)

$$X^2 = \sum \frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$$

(Sudjana, 2005, kc. 273)

i) Nangtukeun derajat kabébasan (dk).

$$dk = k - 3$$

j) Nangtukeun harga X^2_{tabel}

k) Nangtukeun normalitas ngagunakeun kritéria ieu di handap.

(1) $X^2_{itung} < X^2_{tabel}$, hartina data atawa populasi distribusina normal,

(2) $X^2_{itung} > X^2_{tabel}$, hartina data atawa populasi distribusina teu normal.

(2) Uji Homogénitas Peunteun *Pretest* jeung *Postést*

(a) Ngitung variasi (S^2) unggal kelompok.

Variasi Saméméh

$$S^2_1 = \frac{n \sum fixi^2 - (\sum fixi)^2}{n(n-1)}$$

Variasi Sabada

$$S^2_2 = \frac{n \sum fixi^2 - (\sum fixi)^2}{n(n-1)}$$

(b) Ngitung harga variasi (F_{itung}).

$$F = \frac{\text{variasi anu leuwih gedé}}{\text{variasi anu leuwih leutik}}$$

(c) Ngitung derajat kabébasan (dk).

$$dk = n - 1$$

(d) Nangtukeun harga F_{tabel}

(e) Nangtukeun homogén henteuna data dumasar kana kritéria ieu di handap.

a) Lamun $F_{itung} < F_{tabél}$, hartina variasi sampel homogén.

b) Lamun $F_{itung} > F_{tabél}$, hartina variasi sampel teu homogén.

1) Uji Gain

Uji gain miboga tujuan pikeun nangtukeun bédana antara hasil tés awal (*pretest*) jeung tés ahir (*postést*), anu ahirna bakal meunangkeun gambaran ngeunaan pangaruh digunakeunna modél pangajaran *Group Investigation* dina nulis nulis ringkesan warta siswa kelas VIII D SMP Negeri 5 Bandung. Pikeun nguji gain digunakeun tabél ieu di handap.

Tabél 3.7

Tabél Uji Gain Siswa

No	No. Réspodén	Nilai Tés Awal	Nilai Tés Ahir	d	d ²

2) Uji Hipotésis

(1) Ngitung rata-rata (*méan*) tina béda antara peunteun *pretest* jeung *postest*.

$$Md = \frac{\sum d}{n}$$

(2) Ngitung derajat kabébasan (dk).

$$dk = n-1$$

(3) Ngitung jumlah kuadrat déviiasi.

$$\sum x^2 d = \sum d^2 - \frac{(\sum d)^2}{n}$$

(4) Ngitung t_{itung} .

$$t = \frac{Md}{\sqrt{\frac{\Sigma x^2 d}{n(n-1)}}}$$

Katerangan :

t = tés signifikasi

Md = rata-rata tina béda antara peunteun saméméh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*

$\Sigma x^2 d$ = jumlah kuadrat déviiasi

n = jumlah subjek dina sampel

(5) Nangtukeun ditarima henteuna hipotésis dumasar kana kritéria ieu di handap.

(a) Lamun $t_{itung} > t_{tabel}$, hartina hipotésis ditarima. Jadi, modél pangajaran *Group Investigation* mampuh ngaronjatkeun kamampuh nulis ringkesan warta siswa kelas VIII D SMP Negeri 5 Bandung.

(b) Lamun $t_{itung} < t_{tabel}$, hartina hipotésis teu ditarima. Jadi, modél pangajaran *Group Investigation* henteu mampuh ngaronjatkeun kamampuh nulis ringkesan warta siswa kelas VIII D SMP Negeri 5 Bandung.